

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kahirupan manusa moal bisa leupas tina kabudayaan. Kabudayaan nya éta kabiasaan anu dipigawé ku hiji masarakat sarta turun-tumurun ti generasi hiji ka generasi lianna (Linton dina Simanjuntak, 1999: 120). Kabudayaan nya éta sistem gagasan anu dipimilik ku manusa tina hasil diajar. Dina enas-enasna kabudayaan ngabogaan unsur-unsur nu méh nyampak di satukangeunana (Koentjaraningrat, 1980). Unsur-unsur kabudayaan téh nya éta:

- (a) sistem réligi jeung upacara kaagamaan;
- (b) sistem sosial jeung sistem kamasarakatan;
- (c) sistem pangaweruh;
- (d) basa;
- (e) kasenian;
- (f) sistem pakasaban; jeung
- (g) sistem téhnologi (Rahmat, 2003: 7).

Ciri kabudayaan di antarana diciptakeun ku manusa ngaliwatan rasa, kahayang, jeung karya, anu bisa diwariskeun tur dipimilik ngaliwatan diajar nu sipatna bisa robah. Hal éta nu ngalantarankeun kabudayaan dibagi dua, di antarana kabudayaan tradisional jeung kabudayaan modérn. Kabudayaan tradisional sipatna turun-tumurun, béda jeung kabudayaan modérn anu sipatna hayang ngalindih kabudayaan tradisional téa. Ku sabab kitu urang Sunda salaku

mahluk anu tuluy niténan kamajuan kabudayaan, kudu bisa ngadeg di antara éta dua kabudayaan bari teu ngabéda-bédakeun kasang tukangna. Milah tur ngajénan éta dua kabudayaan téh mangrupa hiji kawajiban.

Kabudayaan raket patalina jeung adat. Adat nya éta istilah dina budaya Sunda, anu dipikawanoh dina sababaraha harti. Dina basa Arab disebut '*Urf*', nya éta hiji hal anu dipikaweruh, dipikanyaho, tur dipigawé tuluy-tumuluy nepi ka jadi hiji kabiasaan di masarakat. (*Ensiklopedia Sunda*, 2000: 14).

Adat mangrupa hiji kabudayaan anu sipatna tradisional. Minangka bagian tina budaya, tradisi atawa kabiasaan téh biasana sok dilakukeun dina wujud upacara adat nu dianggap sakral sarta dilakukeun turun-tumurun di hiji masarakat nu tangtu, nu aya patalina jeung kahirupan éta masarakat. Biasana di kampung-kampung istilah adat leuwih kuat tibatan agama, buktina dina acara kawinan remen diayakeun upacara adat. Kajeun loba saratna upacara adat téh sok dilaksanakeun.

Adat kabudayaan sok dipatalikeun ogé jeung atikan, ku sabab kitu atikan sok ngasupkeun unsur kabudayaan kana bahan pangajaran. Contona, kasenian Angklung sok dibahas tur dipraktékkeun dina pangajaran Seni Musik. Kitu deui upacara-upacara tradisionalna saperti sawér anu nyampak dina pangajaran basa Sunda di SMP kelas VIII.

Kabudayaan lamun dipatalikeun jeung atikan atawa pangajaran kudu ditarékahan sangkan siswana kréatip. Siswa leuwih resep kana pangajaran lantaran aya variasi dina bentuk gambar atawa basa nu gampang dipikaharti. Tapi hal éta gumantung ka guru dina nepikeun bahan pangajaran. Guru kudu

ngabogaan tujuan, nya éta sangkan siswa bisa motékar dina unggal pangajaran, hususna pangajaran basa Sunda. Évaluasi nu ditepikeun kudu bisa ngawengku aspék-aspék nu aya dina pangajaran saperti maca, nulis, ngaregepkeun, tur nyarita. Aya sababaraha métode anu sok dipaké dina pangajaran, salah sahijina aya métode démonstrasi. Métode ieu kaasup métode prakték nu alus dina nepikeun bahan pangajaran. Siswa bisa nyangkem eusi matéri jeung prakték kana éta bahan pangajaran. Dina kahirupan ayeuna siswa kudu diperedih kréatip. Ku sabab kitu, lamun milih hiji métode anu bisa nambahan pangaweruh tur ningkatkeun kréatipitas siswa hartina geus mampu ningkatkeun ajén atikan.

Dina matéri ngaregepkeun sawér, métode démonstrasi mangrupa hiji métode anu bisa narik panitén siswa, tujuanna nya éta sangkan siswa leuwih bisa ngaregepkeun ajén-ajén anu nyangkaruk dina upacara sawér, utamana ngeunaan ajén falsafahna. Tapi dina kanyataanna metodé démonstrasi geus langka digunakeun dina pangajaran basa Sunda ku sabab leuwih miceunan waktu jeung tanaga. Jadi, métode anu sok dipaké nya éta ukur métode ceramah wungkul. Sanajan budak remen katingali bosen tapi guru terus nerapkeun métode ceramah anu teu luyu jeung standar kompetensi dina pangajaran anu ditepikeun.

Kaayaan saperti di luhur teu bisa diantepkeun kitu waé, tapi kudu disingkahan. Ku sabab kitu, sangkan pangajaran basa Sunda terus maju tur leuwih dipikaresep, carana nya éta nerapkeun métode anu bisa ningkatkeun kaparigelan siswa, nya éta ngagunakeun métode prakték (démonstrasi). Kaunggulan tina métode démonstrasi nya éta salian ti siswa bisa nyangkem eusi matéri jeung bisa prakték kana matéri anu ditepikeun, ogé bisa menerkeun métode ceramah ku cara

ngahadirkeun langsung atawa prakték langsung, luyu jeung hal anu sabenerna (Syaiful Bahri Djamarah, 2000).

Atikan jeung kabudayaan raket patali jeung kahirupan sosial masarakat. Kabudayaan atawa adat bisa leungit mun teu dimumulé ku masarakat nu makéna. Ku sabab kitu, pikeun ngamekarkeun tur ngaronjatkeun kabudayaan tradisional, hususna ngeunaan ajén falsafah upacara sawér, ogé mikaweruh kaépéktipan tina métode démonstrasi pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa, ku kituna dilakukeun ieu panalungtikan.

Dina prakna panalungtikan ngagunakeun metodé démonstrasi dina pangajaran Upacara Sawér pikeun bahan pangajaran basa Sunda, sangkan siswana leuwih mikanyaho tur daék diajar neuleuman kabudayaan tradisional éta. Jadi ieu panalungtikan téh dijudulan "Ajén Falsafah Upacara Sawér Pangantén pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMPN 12 Bandung Kelas VIII Ngagunakeun Métode Démonstrasi".

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan teu jauh teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesanan, nya éta nalungtik ngeunaan "Ajén Falsafah dina Upacara Sawér Pangantén pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMPN 12 Bandung Kelas VIII Ngagunakeun Métode Démonstrasi", anu ngawengku.

- 1) Ngadéskripsikeun ajén falafah anu nyampak dina upacara sawér pangantén;

- 2) Bahan pangajaran upacara sawér pangantén; jeung
- 3) Éféktifitas modél pangajaran ngagunakeun métode démonstrasi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan panalungtikan leuwih gampang, leuwih tiheula ditangtukeun rumusan masalah, dina wangun kalimah-kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Ajén falsafah naon waé anu nyampak dina upacara sawér pangantén?
- 2) Kumaha bahan pangajaran upacara sawér pangantén?
- 3) Kumaha éféktifitas modél pangajaran ngagunakeun métode démonstrasi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Ngadéskrupsikeun ajén falsafah anu nyampak dina upacara sawér pangantén;
- 2) Pikeun mikanyaho bahan pangajaran tina upacara sawér pangantén; jeung
- 3) Éféktifitas tina modél pangajaran anu ngagunakeun métode démonstrasi.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna pikeun masarakat, hususna pikeun panalungtik, guru, jeung siswa.

- 1) Pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan upacara adat tradisional nya eta sawér, sangkan bisa diturunkeun tur dipraktékkeun ka anak-incu, utamana ngeunaan ajén falsafahna.
- 2) Pikeun guru, bisa nambahan pangaweruh dina ngamekarkeun pangajaran basa Sunda di sakola ku cara ngagunakeun métode anu luyu jeung kontéks pangajaran.
- 3) Pikeun siswa, bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan adat-tradisi masarakat Sunda pikeun bahan pangajaran di sakola.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa dasar pamikiran anu gunana pikeun dasar panalungtikan salaku cecekelan utama. Cirina nya éta sakabéh bebeneran téori atawa panalungtikan dijadikeun dadasar dina panalungtikan.

Dina ieu panalungtikan ditangtukeun sababaraha anggapan dasar, di antarana:

- 1) atikan jeung kabudayaan mangrupa unsur penting di lingkungan masarakat; jeung
- 2) tradisi sawér pangantén bisa ngawarnaan bahan pangajaran basa Sunda luyu jeung kurikulum 2008.

1.6 Raraga Téori

Pradopo, spk. (2002: 35) méré gambaran yén raraga téori téh miboga mangpaat pikeun nangtukeun konsép-konsép dina panalungtikan. Pikeun nalungtik ajén falsafah upacara sawér dina bahan pangajaran basa Sunda anu ngagunakeun métode démonstrasi, di antarana ngagunakeun téori filsafat, téori sawér, métode démonstrasi jeung statistik.

Filsafat asal kecapna tina basa Yunani *Philosophia*, anu mangrupa kecap kantétan tina *philo* jeung *sophia*. *Philo* hartina cinta (usaha pikeun meunangkeun hiji hal anu dipikahayang), *shopia* hartina kabijakan (miboga pangaweruh anu lega). Jadi *philosophia* bisa dihartikeun *cinta pada kebijaksanaan* atawa *cinta kepada kebenaran*.

Poedjawijatna (1947: 11) ngadéfinisikeun filsafat salaku pangaweruh anu medar sacara teleb sagala hal dumasar kana bebeneran pikiran.

Aristoteles (384-322 SM) nétélakeun yén nu dimaksud filsafat nya éta:

Pengetahuan yang meliputi kebenaran yang tergabung di dalamnya metafisika, logika, retorika, ekonomi, politik, estetika.

Nurutkeun Ki Umbara (1994: 127) nyawér asal kecapna “awér” anu miboga harti sipat barang héncér nu muragna mawur: cai nu uwar-awér tina émber butut. Kecap panyawéran ogé nuduhkeun tempat cai ragrag anu uwar-awér tina hateup. Nilik ka dinya, talari paranti sabada walimah nu disebut nyawér téh, patali jeung dua rupa hal, nya éta:

- 1) duméh waktuna nyawér, Juru Sawér sok ngawur-ngawur eusi bokor nu mangrupa babahanan nyawér, kayaning béas, konéng, duit récéh, tékték, jsb.
- 2) nyawér salawasna sok dipilampah di panyawéran, kawasna hal ieu anu pangna aya sebutan nyawér téh, duméh dijalankeunana di panyawéran.

Métode démonstrasi mangrupa métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta métode pangajaran ku cara meragakeun barang, kajadian, urutan pikeun ngalakukeun hiji kagiatan sacara langsung, ngagunakeun média pangajaran anu luyu jeung poko bahasan matéri anu diajarkeun. Prosés pangajaranna dilakukeun siswa di kelas anu tujuanna ninggalikeun cara gawé hiji prosés kajadian sangkan siswa paham kana matéri anu ditepikeun ogé bisa prakték kana éta matéri. Ayana kasang tukang psikologis tina ngagunakeun métode ieu nya éta diajar mangrupa prosés ngalakukeun jeung prosés ngalaman sorangan (*learning by doing and exsperiencing*) naon-naon anu diajarkeun. Ku cara ngalakukeun jeung ngalaman sorangan dipiharep siswa bisa meunang pangalaman anu gedé pikeun pendidikanna (Syaiful Bahri Djamarah, 2000).

Statistik atawa uji statistik mangrupa hiji cara pikeun nyindekkeun yén métode nu dipaké téh bener tur hasilna alus pikeun dipaké dina pangajaran basa

Sunda. Statistik mangrupa cara pikeun ngukur peunteun kamampuh siswa dina neuleuman matéri sawér.

Tina pedaran di luhur kagambar yén penting pisan pikeun urang Sunda ilubiung ngaronjatkeun kabudayaan tradisional sangkan henteu tumpur, ku sabab kitu pamaréntah satempat ogé ilubiung dina widang pangajaran, ku cara ngasupkeun matéri budaya kasenian tradisional kana bahan pangajaran, hususna pangajaran muatan lokal Basa Sunda.

1.7 Wangenan Operasional

1) Ajén Falsafah

Ajén nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* (1995: 7) nya éta pangaji jeung harga. Ajén anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta ajén anu aya hubunganna jeung upacara nyawér pangantén téa. Poedjawijatna (1974: 11) ngadéskripsikeun yén filsafat nya éta salaku élmu pangaweruh anu néangan sateleb-telebna sagala hal dumasar kana pipikiran. Falsafah dina ieu panalungtikan nya éta harti tina simbol-simbol anu aya dina upacara nyawér.

2) Upacara Tradisional

Upacara tradisional nya éta upacara atawa ritual anu diayakeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi lianna. Upacara tradisional dina ieu panalungtikan nya éta upacara nyawér pangantén anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran basa Sunda di SMP.

3) Sawér

Sawér nya éta upacara adat nu kaasup kana kabudayaan tradisional Jawa Barat, biasana sok aya dina upacara kawinan anu dilaksanaken sanggeus akad nikah, tempatna sok di panyawéran.

4) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran bisa dihartikeun salaku perangkat bahan anu di jerona ngabogaan matéri jeung eusi pangajaran pikeun meunangkeun tujuan pangajaran anu dipidangkeun ngaliwatan métode-métode husus. Sangkan leuwih motékar, guru kudu rajin milih bahan pangajaran anu atraktif tur kréatif, salasahijina medar perkara nyawér ngagunakeun média anu modérn.

5) SMP

SMP mangrupa sakola atawa tingkatan atikan formal sanggeus SD. Ku sabab kitu, pangajaran basa Sunda di SMP kudu leuwih maju boh élmu basana boh élmu tradisina.

6) Métode Démonstrasi

Panalungtikan ieu ngagunakeun métode démonstrasi, nya éta hiji métode ngajar ku cara meragakeun barang, kajadian, jeung urutan wakru pikeun ngalakukeun hiji kagiatan sacara langsung. Tujuanna sangkan siswa leuwih babari ngarti jeung bisa prakték kana matéri anu ditepikeun. Ku éta métode bisa kaukur kamampuh siswa dina nyangkem eusi sawér pangantén.

1.8 Hipotésis

Hipotésis mangrupa jawaban *sementara* pikeun rumusan masalah panalungtikan. Disebutkeun *sementara* lantaran jawabanna karék dumasar kana téori, can ngagunakeun fakta (Sugiyono, 2001:5).

Hipotésis panalungtikan ieu nya éta:

1. a. Hipotésis nol (H_0)

Teu aya béda peunteun antara hasil *pre test* jeung *post test* di kelas ékspérimén.

b. Hipotésis alternatif (H_a)

Aya béda peunteun antara hasil *pre test* jeung *post test* di kelas ékspérimén.

2. a. Hipotésis nol (H_0)

Teu aya béda peunteun antara hasil *pre test* jeung *post test* di kelas kontrol.

b. Hipotésis alternatif (H_a)

Aya béda peunteun antara hasil *pre test* jeung *post test* di kelas kontrol.

3. a. Hipotésis nol (H_0)

Teu aya béda peunteun anu *signifikan* di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.

b. Hipotésis alternatif (H_a)

Aya béda peunteun anu signifikan di kelas ékspérimén jeung kelas kontrol.